



# Ti biznis se poumon ekonomi nou...

## SBA se poumon ti biznis.

Pandan ti biznis ou an ap eseye rekanpe anba konsekans pandemi a, Administrasyon Ti biznis Peyi Etazini (SBA nan lang angle) ansanm ak rezo patnè li yo kap founi resous, la pou ou. Pou w jwenn yon Biwo Distri SBA lokal oswa yon Patnè Resous tou pre ou, ale sou [www.sba.gov/local-assistance](http://www.sba.gov/local-assistance).

### Biwo Distri SBA

Youn nan 68 Biwo Distri SBA nou yo kapab konekte ou ak sèvis èd, fòmasyon ak asistans pou devlopman biznis pou ede w kòmanse ak grandi biznis ou.

### Konekte ak yon Patnè Resous

SBA travay ak yon kantite patnè lokal pou konseye, gide ak fòme ti biznis.



#### SBDC

Yon rezo sant kap ofri konsèy ak fòmasyon pou ede pwopriyetè ti biznis kòmanse, devlope ak elaji biznis yo.



#### SCORE

Konseye komèsyal, espè ak modèl kap fè benevola ofri sèvis èd endividyèl gratis ak bon mache nan tout peyi Etazini ak teritwa li yo.



#### Sant Asistans Sosyal pou Biznis Veteran

Ap founi sèvis devlopman antrepriz ak rekòmandasyon pou veteran elijib ki posede oswa ta renmen kòmanse yon ti biznis.



#### Sant Biznis Fanm

Founi sèvis èd ak fòmasyon gratis ak bon mache ki konsantre sou fanm ki vle kòmanse, devlope oswa agrandi ti biznis yo.